

Seksyon A-1
Tanpri ekri ak gwo lèt detache

Non: Siyati: Dat Nesans: / / Laj:

Sèks: Fi Gason Ras: Nwa oswa Afwo-Ameriken Blan Azyatik Ameriken Endyen/ Natif Alaska

Orijin Etnik: Ispanik Pa-Ispanik Natif Awayi/Orijinè Zile Pasifik Lòt

Adrès Lakay ou: Vil: Eta: Kòd Postal:

Imèl Pasyan an: Telefòn: () - Non Anplwayè Swen Sante a:

Chwazi youn nan de opsyon ki anba yo
1) Selon disponibilite a, mwen vle resevwa vaksinyon sa (yo): Vaksinyon Moderna mRNA cx-024414 kont COVID-19

 Premye dòz Dezyèm dòz
2) Selon disponibilite a, mwen vle resevwa vaksinyon sa (yo): Vaksen Pfizer–BioNTech mRNA BNT162b2 kont COVID-19

 Premye dòz Dezyèm dòz Twazyèm dòz
3) Selon disponibilite a, mwen vle resevwa vaksinyon sa (yo): Vaksen Janssen COV3001 kont COVID-19 ki mande yon sèl dòz

 Yon sèl dòz
Seksyon A-2

Mwen sètifye mwen se: (a) pasyan an epi mwen gen laj 18 lane pou pi piti; (b) titè legal pasyan an, oswa (c) yon moun ki otorize pou bay konsantman nan non pasyan an lè pasyan an pa konpetan nan yon lòt fason oswa pa kapab bay konsantman pou tèt li. Anplis, nan dokiman sa a mwen bay Distri Swen Sante Konte Palm Beach la (Health Care District of Palm Beach County) ak pwofesyonèl swen sante lisansye k ap bay vaksen an, selon sa ki aplikab la (chak yon "Founisè aplikab"), konsantman m pou l bay vaksen an (yo) mwen mande anèl la a. Mwen konprann li pa posib pou prevwa tout efè segondè oswa konplikasyon posib ki asosye ak resepsyon vaksen an (yo). Mwen konprann risk ak avantaj ki asosye ak vaksen an (yo) ki anèl la a epi mwen te resevwa, li epi/oswa fè yo eksplike m Fich Enfòmasyon EUA sou vaksen mwen te chwazi resevwa a (yo). Mwen rekonèt tou ke mwen te gen yon chans pou m poze kesyon epi ke mwen te jwenn repons ki te satisfè m pou kesyon sa yo. Anplis, mwen rekonèt yo te enfòm m ke pasyan an ta dwe rete toupre kote vaksinyon an fèt la pou obsèvasyon pandan anviwon 15 jiska 30 minit apre yo fin bay li. Nan non pasyan an, eritye ak reprezantan pèsònèl pasyan an, nan dokiman sa a mwen dechaje epi degaje chak Founisè aplikab, pèsònèl yo, ajan yo, siksesè yo, divizyon yo, sosyete afilye yo, filyal yo, responsab yo, direktè yo, soutretan yo ak anplwaye yo pou tout responsabilite oswa reklamasyon ke yo konnen ke yo pa konnen ki sotè nan oswa ki gen rapò ak oswa ki lye nan nenpòt fason ak administrasyon vaksen ki liste anèl la a. (Inisyal anba la a)

_____ Mwen rekonèt ke si mwen resevwa yon vaksen Moderna mRNA cx-024414 COVID-19 oswa vaksen Pfizer–BioNTech mRNA BNT162b2 COVID-19, mwen pral bezwen yon dezyèm dòz vaksen an nan 21-28 jou apre dat premye dòz la, pou yon pwoteksyon alontèm.

_____ Mwen bay Health Care District of Palm Beach County pèmisyon pou l anrejistre vaksen sa a nan baz done VAKSEN Florida (Florida SHOTS).

Mwen rekonèt ke: (a) Mwen konprann objektif/avantaj rejis vaksinyon eta ("Rejis Eta") mwen an ak echanj enfòmasyon sou sante eta ("HIE Eta") mwen an; epi (b) Founisè aplikab la ka divilge enfòmasyon sou vaksinyon m bay Rejis Eta a, bay HIE Eta a, oswa atravè HIE Eta a bay Rejis Eta a, oswa bay nenpòt ajans oswa otorite gouvènmantral eta oswa federal ("Ajans Gouvènman"), tankou eta, konte oswa Depatman Sante lokal yo oswa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Center for Disease Control and Prevention, CDC) oswa delege respektif yo selon sa lalwa mande, nan objektif rapò sou sante piblik, oswa bay pwofesyonèl swen sante mwen yo ki enskri nan Rejis Eta a ak/oswa HIE Eta a nan objektif kowòdinasyon swen. Mwen rekonèt ke mwen ka otorize, lè mwen itilize yon fòmilè enskripsyon eta a apwouve oswa, selon sa lwa eta mwen an pèmèt, yon fòmilè enskripsyon ("Fòmilè Enskripsyon") Founisè aplikab la bay: (a) Founisè aplikab la divilge enfòmasyon sou vaksinyon m bay HIE Eta a ak/oswa Rejis Eta a; oswa (b) HIE Eta a ak/oswa Rejis Eta a pataje enfòmasyon sou vaksinyon m avèk nenpòt nan lòt pwofesyonèl swen sante mwen yo ki enskri nan Rejis Eta a ak/oswa HIE Eta a. Founisè aplikab la pral, si eta mwen an pèmèt sa, ban m yon Fòmilè Enskripsyon. Sepandan, sof si mwen bay Founisè aplikab la yon Fòmilè Enskripsyon siyen, mwen konprann ke enfòmasyon sou sante m p ap pataje ak HIE Eta a, sof nan ka ki eksplike pi ba la a. Si mwen bay Founisè aplikab la yon Fòmilè Enskripsyon siyen, konsantman m nan ap rete anvigè jiskaske mwen retire pèmisyon m, sa mwen ka fè nenpòt kilè epi pou nenpòt ki rezon, lè mwen bay Founisè aplikab la ak/oswa HIE Eta a, selon sa ki aplikab la, yon Fòmilè Dezenskripsyon ki ranpli.

Mwen konprann ke menm si mwen pa bay konsantman m oswa si mwen retire konsantman m, lwa eta mwen an oswa lwa federal la ka pèmèt yon seri divilgasyon enfòmasyon sou vaksinyon m bay oswa atravè HIE Eta a oswa bay Ajans Gouvènman yo selon sa lalwa mande oswa pèmèt. Mwen otorize Founisè aplikab sa a tou pou l: (a) divilge enfòmasyon medikal mwen ak lòt enfòmasyon m, ki gen ladan yo tout maladi ki ka transmèt (ki gen ladan yo VIH) ak enfòmasyon sou sante mantal mwen, bay oswa atravè HIE Eta a oswa Ajans Gouvènman yo bay pwofesyonèl swen sante mwen yo, Medicare, Medicaid oswa lòt tyès pati ki peye selon sa ki nesèsè pou bay swen oswa fè peman; (b) soumèt yon reklamasyon bay konpayi ki asire m pou atik ak sèvis anèl la a ke mwen mande yo epi (c) mande pou peman benefis otorize yo fèt nan non m bay Founisè aplikab la pou sa ki gen rapò ak atik ak sèvis anèl la a ke mwen mande yo.

Enskripsyon: Mwen vle enfòmasyon sou sante m enkli nan HIE a.

Mwen li epi mwen byen konprann enfòmasyon ki anèl la a ke yo ban mwen sou HIE Founisè a epi m ap enskri.

 Siyati Pasyan an oswa Reprezantan Otorize a:

Dat: /

Mwen rekonèt mwen resevwa Notifikasyon Dwa Konfidansyalite yo.

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan Otorize a:

Non ak gwo lèt detache:

Dat: /

Seksyon B-1

Tanpri ekri ak gwo lèt detache

1. Èske w te janm gen yon reyaksyon alèjik grav ak yon ansyen dòz COVID-19? Si w te reponn wi pou kesyon sa a, ou p ap resevwa vaksen w lan jodiya. Tanpri kontakte Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou a pou plis enfòmasyon.	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
2. Èske w te janm gen yon reyaksyon alèjik grav [egzanp, chòk anafilaksi] ak yon bagay ki te mande tretman avèk epinefrin oswa EpiPen® oswa ki te lakoz ou te al lopital? Sa t ap gen ladan l tou yon reyaksyon ki te rive nan 4 èdtan ki te lakòz po w leve, anfleman oswa detrès respiratwa, ki gen ladan l yon respirasyon ki sifle.	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
3. Èske w santi w malad jodiya?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
4. Èske w te gen COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
5. Èske w ansent oswa w ap anvizaje pou w vin ansent nan mwa k ap vini la a oswa w ap bay tete?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
6. Èske sistèm iminitè w pa anfòm oswa ou sou yon medikaman ki febli sistèm iminitè w?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
7. Èske w gen yon twoub kowagilasyon oswa ou sou yon medikaman antikowagilan?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>
8. Èske w te resevwa terapi pasif atravè antikò (antikò monoklonal oswa sewòm konvalesans) Kòm tretman kont COVID-19?	Wi <input type="checkbox"/>	Non <input type="checkbox"/>	Mwen Pa Konnen <input type="checkbox"/>

Si w te reponn "wi" pou nenpòt nan kesyon ki anlè la yo, tanpri pale ak Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) ou anvan ou fè vaksinasyon kont COVID-19 la.

Pou fi ki gen laj ant 18 a 49 an ki chwazi pou ou pran vaksen Janssen COV3001 Covid-19 SELMAN :

Eske w te resevwa enfòmasyon sou otorizasyon pou itilizasyon ijans vaksen Janssen COV3001 Covid-19 lan?

Wi Non

Seksyon B-2

Tanpri ekri ak gwo lèt detache

Mwen sètifye mwen se: (a) pasyan an epi mwen gen laj 18 lane pou pi piti; (b) titè legal pasyan an oswa reprezantan l oswa (c) yon reprezantan Health Care District of Palm Beach County epi, selon obsèvasyon klinik la, m gen ase enfòmasyon sou kondisyon pasyan an pou m reponn ak Kesyon Depistaj yo. Mwen rekonèt tou ke mwen te gen yon chans pou m poze kesyon epi ke mwen te jwenn repons ki te satisfè m pou kesyon sa yo.

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan Otorize a:

Non ak gwo lèt detache:

Dat: /

Mèsi!

Tanpri, retounen al jwenn pwofesyonèl swen sante w la pou konplete seksyon adisyonèl yo